Légende historique de Rufisque

Ba mu ame yagana lool booba tëngej gol lawoon bu lëndëm Kéris diy xeer aki garap bu nit masul jam tang kam neeka si booru géej gi. Am jémi jamano booba la lebu yi joge peenku jar Futa, Kayoor, Jolof, jander. Mam mu am fit mu dara jaxëlulwoon mu daan rëbë rek, mu Keen ñemeñulwoon, ne dëkë ak nit ñi doyë tu ko dey uti këru boppam ; booba la duge golap ndënkku ak semeñëm ak jaséem, ; bamu yekse gis berebi ni mu mel lane : "amna li ma doon ut". Daal di door di gor lu mu sampe neegëm, yendo ko be janka so, naka noona am ku ko laal ci mbaga, mu wolbateku mu di jinne ju taxam boopa bi di reer ci caar garab yi, mu lambo ndyor mu weex taal, bët yi xong coy ni safara. Jinne ji ne ko kula gor lo suma dëkku, xam ne keen musu fe ñemee dugë sax. Mu ni ko dama bugu la dé'ké ak ñit ñi. Dama di nit te nit ñeme tuma. Jinne ji ne ko ñeme ku dul nit ndax may Lamba buru jinne.
Mu ne ko ragaluma la, rafu ma. Noonu Lamba ne ko : "Defewoona nit du janook man and ak sagoom maante koon ñu def ni ganaw su tey ñu djëndo raxo sunu giir doon benn, dooto gëm lu nit gëm, ma dox sa dig ak lu mu manti doon ; sa alaal dootul jeex, sa noon lo ci bëgë ma defal la ko. Jappal sindax, dammal, reyal, nga def ko ci biir kan mi ma wan la ci xeer wii, ma def la noonu sa noon, Dangamay jékë jabu, tudë ma, tudë sa bopp ba fa mu yem, di tudë samaay sët, di tudë saay sët, di fatelli fu mu doore be ci ñoom ; lu judu ci yaw ci xeer wi nga koy waate, bo ko di waat nanga bayi ba boppa-bi sëq bamu mëna waxal bopp-am wat ma. Jotna ; bu ko defe nga indi fukki bagaan ak ñaar soow, fukki bagaan ak ñaar sëng, genn wall yaw, genu wall gi ma moom nga tuur ko ci xeer wii ak buntu kan mii. Ku ma taamu ci såay sët ak sëtaat mu war ma jabu, bo koy wat, bala sooti, xeer wi mu took dëna sopeku nii mu ñuule da na muje weex, Ndënkku dana masadoon dëk bu rey, nit ñi fek la fii, ndënkku doon peej; bu booba såay dono ñoy samp xeej bi ci peej mi mudi Kenugi, ñéép tok fa wër ko, ma di leen samm ; xeej bi jalambaan la bu ñu yett ci garab gi, ngeen di ko joxente yaw ba ci såay sët. Bugul wor, bugul fem, bugul sacc, te ku bindo noonu mu feñel ko leegi. Mane nga yegali sap néék."
Nakako def mam gorgi ndoy ndjiram ne ko :
"And na ak yaw ci noonu amna ci lu ma neex ndax genna xeetu nit".

.../...

Fa la doxe ba jooni tey li lislam bay taxaw yëp bu wa Teñgeey ame lu leen jaxal, seen xel deelu ndënkku ak ci borom ndënkku. Ku ne tëngeey ne ndënkku, sa peeyu mam yow mii toog.